



Kisa yo rele Plajyosefali?

Fòm Tèt Ti Bebe ou

Pou konprann Plajyosefali


Èske oumenm oubyen doktè ou enkyè pou fòm tèt ti bebe ou an? Plajyosefali, oubyen yon tèt ki defòme, se yon eta sante ki kouran. An reyalite, depi akademi pedyat ameriken, American Academy of Pediatrics (AAP), te entwodwi Kanpay "Retounen Dòmi," ann anglè "Back to Sleep," kantite ka pajyosefali yo ogmante kote avan te genyen 1 sou 300 ti bebe ki te genyen li epi kounyè an se preske 1 sou 10 ti bebe.

Depliyon sa a bay enfòmasyon apwofondi sou fòm pi kouran plajyosefali ki genyen yo, sa ki koze ka sa yo epi karakteristik presi ki asosye avèk chak fòm tèt.

Kisa yo rele Plajyosefali?

Plajyosefali se sa ki rive lè genyen youn oubyen plizyè kote ki plat sou tèt ti bebe an. Nòmalmman, plajyosefali an vini avèk yon asimetri oubyen dezekilib nan fòm figi ti bebe an, zorèy ki deplase epi fwon ti bebe an ki fwiyan oubyen ki bonbe.

Men twa prensipal kalite plajyosefali ki genyen:



Kisa ki lakòz Plajyosefali?

Kòm tèt ti bebe an tèlman mou epi maleyab, genyen anpil faktè ki kapab fè li genyen plajyosefali.


- **Pozisyon nan matris lan:** Pozisyon ti bebe ou an pandan gwosès ou kapab genyen yon enfluyans sou fòm tèt li, sitou nan ka kote genyen plizyè fetis nan matris lan an menm tan oubyen lè espas matris lan limite.
- **Tòtikoli:** Misk nan kou an ki rèd kapab fè ti bebe ou prefere vire sou bò dwat oubyen bò goch li. Eta sante sa a kouran lakay anpil ti bebe ki genyen plajyosefali epi li kapab jwenn tretman avèk fizyoterapi avèk egzèsis pou kou.
- **Prematirite:** Ti bebe ki prematire (ki rive avan lè) genyen anpil risk anplis pou yo devlope plajyosefali paske krann yo pi fen. Anplis de sa, ti bebe yo ki kòmanse vi yo nan inite swen entansif pou nouvone kapab vin genyen yon fòm tèt ki long epi mens difèt li vire de yon bò ale nan yon lòt.
- **Dòmi sou Do:** Nan ane 1992, akademi pedyat ameriken an, ann angle American Academy of Pediatrics (AAP) te kòmanse rekòmande pou tout ti bebe dòmi kouche sou do nan yon efò pou redwi SIDS, yon sendwòm kote ti bebe mouri sibitman nan dòmi. Depi akademi pedyat lan te fè rekòmandasyon sa a, kantite ka lanmò akòz de SIDS redwi de 50 pousan. Rechèch yo demontre tou ti bebe mwayen ki genyen 2 mwa laj pase kounyè an 15 a 16 èdtan kouche sou do yo, donk sa kapab ogmante ka aplatisman tèt yo. Anplis de sa, AAP an konseye pou ti bebe resevwa yon tan kouche sou vant pandan yo anba sipèvizyon yon granmoun adilt pou yo jwe chak jou pou redwi kantite tan yo pase kouche sou do yo.
- **Aparèy pou Fasilite:** Daprè rechèch ki fèt, ti bebe pase yon pi gwo kantite tan kouche sou do yo nan syèj pou machin, nan balansèl avèk balanswa, epi sa kontribye pou tèt yo aplati.

Kisa Plajyosefali an sanble?

Seksyon sa a genyen kòm objè pou gide ou nan prensipal kalite plajyosefali yo, divès degre gravite yo avèk karakteristik yo. Menmsi plajyosefali an pa rive souvan, si ou aprann epi ou ede moun ki nan antouraj ou aprann se yon bagay ki enpòtan pou prevansyon epi pou deteksyon ki fèt byen bonè.

Pale avèk doktè ou pou enfòmasyon ki pi apwofondi sou plajyosefali, ti konsèy pou prevansyon epi nenpòt lòt preyokipasyon ou kapab genyen konsènan fòm tèt pitit ou.

Plajyosefali - Divès Degre Gravite



Nòmal
Fòm Tèt



Benen
Plajyosefali



Modere
Plajyosefali



Grav
Plajyosefali


Karakteristik Plajyosefali




- Tèt lan plat sou yon kote
- Fòm jeneral tèt lan sanble avèk yon paralelogram
- Youn nan zorèy yo deplase devan lòt lan



- Zorèy lan pi pre zepòl lan sou yon kote tèt lan



- Youn nan zye yo pi piti pase
- Youn nan jou yo pi won pase lòt lan
- Anwo tèt lan pa a nivo
- Youn nan bò tèt la parèt pi wo pase lòt lan



- Fwon an fè yon pant epi li pa nivo
- Figi an encline epi li sanble kòm li fè yon angl
- Zye avèk zorèy yo pa a nivo
- Youn nan jou yo epi bò kote figi an parèt pi won pase lòt lan

Plajyosefali: Sa se fòm tèt moun pale de li pi souvan an. Lè ou gade de anwo sou fòm tèt lan ap gade anba, ou pral wè yon fòm paralelogram. Si ou gade nan angl sa a, li parèt kòm si yon moun ta pouse tèt lan sou devan, epi souvan sa vini avèk dezalyman zorèy, yon asimetri nan figi an, yon fwon bonbe epi youn nan jou yo ki parèt pi "won" pase lòt lan. Se yon bagay kouran tou pou tòtikoli yon faktè ki kontribye nan ka plajyosefali yo.

Brakisefali - Divès Degre Gravite



Nòmal
Fòm Tèt



Benen
Brakisefali




Modere
Brakisefali



Grav
Brakisefali

Karakteristik Brakisefali



- Tèt lan pi laj pase longè li
- Dèyè tèt lan genyen aparans kòm si li plat epi li pa awondi



- Tèt lan pi kout nan longè si wap mezire soti devan ale dèyè
- Wotè tèt lan (tèt lan wo)
- Fwon an fwiyan ale dèyè



- Figi an parèt piti pou gwosè tèt lan
- Genyen yon bòs anlè zorèy yo
- Zorèy yo decole sou anlè



- Tèt lan laj
- Bòs sou anlè tèt lan se pati ki pi laj nan tèt lan

Brakisefali: Yon bagay senp tankou pase twòp tan kouche sou do kapab lakòz yon brakisefali. Avèk fòm sa a, tèt lan aplati nan yon manyè ki inifòm, donk sa fè fòm lan vin pi laj epi pi kout, epi sa kapab fè tèt lan pi wo. Lòt aspè brakisefali ki kouran se yon gwo pant nan fwon an, li genyen bòs oubyen li gonfle sou anlè zorèy yo epi figi an parèt piti anpil an pwopòsyon avèk tèt lan.

Prevansyon Plajyosefali

Kounyè an, kòm ou genyen plis konèsans sou plajyosefali, sa enpòtan pou moun konsyan sou mezi prevansyon ki kapab redwi risk pitit ou devlope plajyosefali pozisyonèl, epi anplis ede ti bebe ou rive atenn etap nan devlopman li.

Ti Tan Kouche sou Vant: Sa se yon aktivite ki enpòtan anpil pou tout ti bebe, menm si nan kòmansman yo pa renmen fè li. Lè ou ankouraje ti bebe ou pase yon ti moman sou vant li pandan lap jwe anba sipèvizyon, non sèlman sa bese kantite tan li pase kouche sou do li, men sa ede tou devlope fòm nan misk ki nan kou avèk tron li.

Repozisyonman: Si efektivman ou kòmans wè ti pitit ou prefere vire tèt li sou yon bò men pa sou lòt bò an, ankouraje li pou li ogmante anplè mouvman li. Pa egzanp, altène sou ki bra ou kenbe ti bebe an, sou ki bò bèso an li dòmi epi sou ki bò tab pou chanje kouchèt lan ou itilize nòmalmman.

Tretman Plajyosefali

Si ou genyen enkyetid konsènan fòm tèt ti bebe ou, doktè kapab ede ou detèmine yon plan ki bon pou pitit ou. Si fòm tèt ti bebe ou an pa amelyore lè ou fè teknik repozisyonman yo, genyen tretman avèk DOC Experience® ki bay rezilta.

- Plajyosefali se yon eta sante ki kapab trete jis nan laj 18 mwa
- Fenèt tan ideyal pou tretman se ant laj 4 a 6 mwa
- Pou genyen pi bon rezilta, sa enpòtan anpil pou detekte li byen bonè
- Menmsi repozisyonman an kapab bay rezilta, yon plajyosefali ki grav, sitou depi pozisyon fetis lan nan vant manman l pap korije pou kont li

Pa Bay Tèt ou Pwoblèm

Lè ou pran randevou pou yon evalyasyon gratis avèk youn nan klinisyen Cranial Technologies ki byen prepare, sa kapab ede ou wè si ti bebe ou an genyen plajyosefali. Lè yo fè evalyasyon sa a:

- Klinisyen nou yo mennen yon evalyasyon konplè sou fòm tèt lan epi sou devlopman li
- Yo fè yon imaj enstantane sou 360° sou tèt ti bebe ou an avèk sistèm imajri nou ki rele Digital Surface Imaging® (DSI®)
- Pwodwi yon rapò ki san pati pri epi ki egzakt ki montre gravite fòm tèt ti bebe ou an
- Klinisyen nou yo anseye teknik pou egzèsis nan kou avèk repozisyonman pou tètikoli, si sa nesèsè
- Ekip Lyezyon avèk Pasyan nan Cranial Technologies lan bay yon asistans pou ede ou detèmine ki kouvèti asirans ou genyen epi diskite sou opsyon peman ki konvnan



Eksperyans DOC Experience® lan

Nan sa ki konsène ti bebe ou an, nou konprann jan ou vle jwenn pi bon swen epi yon eksperyans pozitif nan tretman li. Kòm premye konpayi ki travay nan tretman plajyosefali an, nou bay sèvis ki pi konplè nan tretman pou plajyosefali a travè eksperyans DOC Experience lan ki baze sou pi bon swen ki genyen epi sou fanmi ki kontant.

- Rezilta eksepsyonèl sou preske 35 lane
- Anviwon 175 000 ti bebe ki trete avèk rezilta ki vizib
- Chanjman ou kapab wè apre sèlman kèk semèn
- Imaj 3D pou chak pasyan ki sèvi pou dokimante pwogrès ki fèt
- Se sèl pwodwi ki fè prèv li pou korije defòmasyon ki nan e bwat kranyèn lan (anlè tèt lan) e baz krann lan (zorèy avèk figi)
- Klinisyen yo se fizyoterapet, ergoterapet, òtezist epi enfimyè diplome
- Nou devoue tèt nou sèlman nan tretman plajyosefali – se sèl bagay nou fè!



Sèvis tradiksyon disponib!
(844) 447-5894 • www.cranialtech.com